



Prime Time
PALM BEACH COUNTY
Dedicated to Quality Out-of-School Time

DIS KESYON POU EDE W CHWAZI YON PWOGRAM APRE LEKÒL KI EFIKAS

Konte Prime Time Palm Beach gen 25 an depi l ap travay pou bay resous ak sipò pou pwogram apre lekòl ak pwogram ete pou yo ka enspire timoun yo pou yo bay pi bon rezilta yo epi sipòte yo pou yo reyisi sosyalman ak akademikman.

www.primetimepbc.org/quality

Èske pwogram nan gen règleman alekri pou asire sekirite timoun yo?

Èske pwogram nan byen òganize? Mande si anjeneral aktivite yo kòmanse ak fini nan lè ki prevwa. Èske anplwaye yo sanble sou presyon oswa yo kalm?

Èske anplwaye k ap travay nan pwogram apre lekòl la resevwa fòmasyon pou yo travay ak timoun?

Èske anplwaye ki travay nan pwogram apre lekòl la travay ak jwe byen ak timoun yo? Pran yon ti tan pou obsève kijan manm ekip la entèraji ak timoun yo.

Èske ekip la enfòme paran yo regilyèman sou sa k ap pase nan pwogram nan?

Èske timoun yo k ap patisipe nan pwogram nan sanble yo kontan? Èske yo jwe ansanm san vyolans oswa èske yo goumen epi fè diskisyon antre yo?

Kijan anplwaye k ap travay nan pwogram apre lekòl la jere konfli, diskisyon, dezakò, oswa malantandi ant timoun yo? Èske gen règ sou konpòtman ki byen presi?

Èske timoun yo gen aksè a yon pakèt aktivite oswa èske pwogram nan "fèt pou satisfè bezwen tout timoun"?

Èske jèn yo ki nan pwogram nan patisipe nan aktivite yo? Èske yo enterese... oswa èske yo anwiye? Èske yo sanble yo renmen aktivite a?

Èske pwogram nan pèmèt timoun yo fè devwa yo? Èske timoun yo aprann lòt bagay pandan yo nan pwogram nan (atizay, espò, mizik, kwit manje, elatriye)?

